

Nimewo 1

DEKRÈ EGZEKITIF

ELIMINASYON BARYÈ NAN GOUVÈNMAN ETA A

ALÒSKE, li enpòtan pou antreteni yon sosyete demokratik pou gouvènman an fè biznis li nan yon manyè lib ak piblik;

ALÒSKE, se responsablite gouvènman an pou fasilite plis aksè ak patisipasyon sitwayen li yo;

ALÒSKE, aksè sa a dwe gen ladan aksè fizik ki pi fasil nan gouvènman an pou manm piblik la;

ALÒSKE, Kapitòl Eta New York se syèj istorik gouvènman an nan Eta New York ak yon mèvèy achitekti fen 19^{yèm} syèk la; epi

ALÒSKE, baryè pou jwenn aksè nan Kapitòl Eta New York te anpeche ouvèti sa a;

KOUNYE A, KIDONK, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, akòz otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta New York ban mwen, òdone sa ki endike anba la a :

A. Ouvèti Kapitòl la

1. Yo dwe retire sèten baryè yo mete toutotou perimèt Kapitòl la pou fasilite anbakman ak debakman vizitè yo nan Kapitòl la.

2. Yo dwe bay aksè nan dezyèm etaj Kapitòl, kote biwo Gouvènè a ye, pou manm piblik la pandan lè biwo louvri, sof lè yo detèmine li nesèsè pou mete restriksyon nan aksè a pou asire pwoteksyon ak sekirite moun k ap travay nan Kapitòl la.

B. Asistans

Chak depatman, divizyon, biwo, komisyon, konsèy ak ajans Eta New York dwe kolabore pou respekte Dekrè Egzekitif sa a, epitou yo dwe bay asistans lan jan yo kwè li nesèsè pou reyalize objektif Dekrè Egzekitif sa a.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany, premye jou mwa janvye ane de

mil onz.

GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a